



Aprantisaj nivo kolèj kòmanse kounye a

Chè fanmi ak kolèg,

Semèn pase a, mwen te vizite World View High School nan Bronx pou selebre yon gwoup elèv ak bèl reyalizasyon yo: nan pran omwen sis kou nan Lehman College ki bay kredi pou kolèj. Yo poko etidyan nan inivèsite, men yo kòmanse pran yon bon avantaj nan aprantisaj nan nivo inivèsite, gras avèk pwogram [College Now](#).

College Now se yon patenarya avèk City University of New York (CUNY) ki pèmèt elèv lekòl segondè nou yo enskri nan kou CUNY avan yo gradye, sa ki ede yo ekonomize tan ak lajan pou etid pita.

Se youn nan plizyè fason Biwo chemen pou elèv nou an ap reimajine preparasyon pou kolèj ak karyè. Ansanm avèk inisyativ tankou [FutureReadyNYC](#) ak [Career and Technical Education](#), College Now bay elèv konpetans, konesans, ak eksperyans pou yo reyisi ni nan edikasyon siperyè ni nan mache travay la.

Nan moman sa a nan ane a, lekòl nou yo ap sipòte yon fason aktif elèv ki nan dènye ane yo pou yo prepare pou pwochen etap yo. Sonje byen, tout elèv Lekòl Leta NYC ki gradye gen garanti

admisyon nan yon pwogram CUNY, epi yo anile frè aplikasyon elèv CUNY nou yo jiska 21 novanm.

Pou plis enfòmasyon ak opòtinite pou konsèy, ale sou [siwèb nou an](#). Epi yon gwo mès pou CUNY, pakèt patnè nou yo, fanmi nou yo, ak estaf nou yo, ki jwe yo tout yon wòl enpòtan nan bati yon avni solid pou elèv nou yo.

Nan kolaborasyon,


Melissa Aviles-Ramos
Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

Ekip Biwo pou chemen elèv nou an konsantre anpil sou devlope ak sipòte pwogram tankou College Now ak FutureReadyNYC, pou asire elèv gen opòtinite kalite siperyè ki mete yo sou chemen siksè. Jan Direktè egzekitif planifikasyon kolèj ak karyè, Kristen Harris te di li a, "Lè sistèm yo reyini ansanm otou elèv, baryè yo tonbe, opòtinite yo elaji, epi chak jèn ka wè tèt yo sou yon chemen klè pou lavni yo."

Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a [la a](#).

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn "CC". Klike sou ikòn "Setting" epi chwazi "Subtitles/CC" ("soutit/CC"). Seleksyone "Auto Translate" ("Tradiksyon otomatik") epi chwazi lang ou a.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Konesans sou finans se yon eleman esansyèl pou prepare elèv pou yon avni solid. Tcheke nouvo kontni nan [The Morning Bell](#) ki fokis sou [prensip debaz sou bidjè ak konsèy konsomatè pou jèn adilt](#).
- Pou jwenn nouvèl ak resous anplis, suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Pou dènye videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan, ale sou [paj YouTube Biwo Majistra a](#). Ou ka [anrejistre tou pou resevwa mizajou](#) ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).